

Sipòte lang ak alfabetizasyon

18 mwa: Enpòtans pou poze kesyon

Lè ou poze pitit ou kesyon, sa montre li lide li yo, panse li yo, santiman li yo, ak opinyon li yo enpòtan. Lè ou ba yo opòtinite pou pataje sa y ap panse, sa anseye yo sèvi ak mo yo pou ekspriye tèt yo. Eseye poze timoun yo plis kesyon ouvè, paske sa pèmèt yo reflechi pi fon epi ekspriye pwòp panse pa yo.

Konsèy ak Aktivite



Ankouraje pitit ou kominike ak mo, siy, imaj, ak jès.

Si pitit ou lonje dwèt sou yon bagay, montre l egzanp lè ou nonmen objè a epi apre sa diminye ti rapèl yo piti piti.

Itilize bèl pawòl epi bay plis atansyon sou bon konpòtman yo:

“Gade ki jan ou mete jwèt la an plas byen bèl. Bon travay.”



Chita oswa bese pou w ka menm wotè ak je pitit ou epi gade l an fas lè w ap pale avè l. Sa ede pitit ou aprann kijan bouch ou deplase pou fè diferan son.



Elaji vokabilè pitit ou. Pitit ou a di, “Chen!” Ou reponn, “Wi. Yon chen. Chen di ‘wouf’.”



Anseye pitit ou sou kò li. Lonje dwèt epi di non pati sa a nan kò a.

Etap tipik langaj



Swiv enstriksyon senp, ki gen yon sèl etap, san jès, pa egzanp, ‘*Ban mwen jwèt la*’

Poze kesyon epi sèvi ak ti fraz kout, pa egzanp. ‘*Ki kote ti chat la ye?*’ oswa ‘*Ale bye bye*’

Di 3 oswa plis mo ki gen sans, lòt pase ‘*mama*’ oswa ‘*dada*’

Lonje dwèt pou mande yon bagay, pou fè kòmantè, oswa pou jwenn enfòmasyon

Sèvi ak pwòp non yo pou pale de tèt yo

Reponn kesyon yo

Deteksyon bonè se entèvansyon

Pitit ou ap aprann tout tan! Antanke moun k ap pran swen, ou gen yon bèl okazyon pou gide yo sou yon chimen ki mennen nan siksè.

.....



Pale ak founisè swen sante pitit ou a si pitit ou:

Pa kenbe kontak je

Pa fè okenn efò pou kominike

Pa reponn lè yo rele non li

Pa babye



Sous: Pathways.org

Lòt resous

[Pathways: Kominikasyon](#)

[Harvard University: Center on the Developing Child](#)

[Cox Campus](#)

[The Basics](#)

[Etap enpòtan CDC yo](#)